ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№212 (23.620) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 3, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист»

Битокъу Нелли Абил и пхъум - «Урысейпсо къэрал телевизионнэ икІи радио нэтынхэр къэзыт компание» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэ зэгуэтым и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием» Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятеухуа нэтынхэр зыгъэхьэзыр икІи цІыхухэм я пащхьэ изылъхьэ и къудамэм и редакторым

Хьэмту Кьадир Тохъутэмыщ и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и радиом и редакцэм адыгэбзэкІэ и нэтынхэр езыгъэкІуэкІым

Хьэпцэ Анетэ Хьэжбий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм щэнхабзэ-уэзэдакІуэ программэмэхэмкІэ и редакцэм и нэтынхэр езыгъэкІуэкІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Биттировэ Іэминат Къэралбий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм программэхэр зэхэгъэувэнымрэ къыдэгъэкІыныкІэ и къудамэм и унафэщым

Сердюков Станислав Юрий и къуэм - «Урысейпсо къэрал телевизионнэ икІи радио нэтынхэр къэзыт компание» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэ зэгуэтым и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием» и телевиденэм хъыбарегъащІэ нэтынхэмкІэ и Іэнатіэм и продюсерым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий.

Налшык къалэ
2017 гъэм жпуэгъуэм и 31-м
№142-УГ

● Депутат лэжьыгъэ

Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ цІыхухэм зыкъыхуагъазэ

А лэжьыгъэм кІриубыдэу хэплъащ цІыхухэм зыкъыхуагъэзэхэм, апхуэдэу партым хэтхэм яІуащІащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм и депутат Марьяш Иринэ, «щІыналъэхэм щыщІалажьэ тхьэмахуэ зэхуаку» Іуэхум хыхьэу, щыІащ Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм хиубыдэ Заречнэ къуажэ жылагъуэм. Ар я щхьэ Іуэхукіэ къеКІуэлІа цІыхухэм яІуащІащ, щІыпІэм и парт активым хэтхэми епсэлъыпІащ.

Заречнэм абы цІыхуитхум зыкъыщыхуагъэзат. Ахэр нэхъ зытегущ1эвыхьхэм ящыщт сабий куэд зэрыс, зыхуей хуэмызэ унагъуэм и псэупІэр нэхъ ин ищІыныр, пенсэкІэ къызэгъэпэщыныр, Заречнэ къуажэм и музыкэ школыр лажьэу егъэжьэжыныр, махуэрылажьэ сымаджэщ, аптекэ къызэІухыныр, апхуэдэуи маршрутнэ таксикІэ цІыхухэр къешэкІыным и Іуэхур тэмэму зэтеухуэныр. ЦІыхухэр зыщІэлъэІуа псоми унафэ ятещІыхьныр депутатым и нэІэ щІигъэкІыщ. ЦІыхухэм я гуныкъэгъуэзэхэм хэплъа нэужь, Марьяш Иринэ партым къыдыхэтхэм яІуащІащ икІи Къэрал Думэм щригъэкІуэкІ лэжьыгъэм яхутепсэльыхьащ, я упщІэхэм жэуап яритащ.

А махуэ дыдэм Марьяш Иринэ яхуэзащ псэупІэ унэхэм хэт Щэрдан гъущІ гъэзэгу станцыр абы къыхэгъэщхьэхуІыжыным, апхуэдэуи станцым жылагъуэм и статусыр етыным щІэлъэІуауэ щытахэм. А Іуэхур къыщІэкІат Марьяш ятэ дыдэу цІыхухэм щалъэІуауэ щытам. Абы лъандэрэ а Іуэхур и пІэм ирагъэкІын яхуэзэфІакІащ икІи иджырей зэІуущІэм щаубзыхуащ абы теухуауэ адэкІэ ящІэнухэр. Къищынэмыщ1ауэ, депутатыр щыгъуазэ ящІащ Щэрдан жылагъуэм щыпсэухэр псыкІэ, уэздыгъэкІэ къызэрызэрагъэпэщым хэлъ гугъуехьхэми. Абыхэми депутатым унафэ ятрищІыхьыну къигъэгугъащ.

ПЕЧОНОВ Владилен.

Геккиевыр Іуэху 13-м хоплъэ

УФ-м Федерацэмкіэ и Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур цІыхухэм яІуащІащ икІи абыхэм зыкъыхэзрыхуагъэза Іуэху 13-м хэплъащ.

УФ-м Федерацэмкіэ и Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, «щІыналъэхэм щыщІалажьэ тхьэмахуэ зэхуаку» Іуэхум хыхьэу, «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІым и щІыналъэ къудамэм и жылагъуэ егъэблэгъагъэпІэм щІыхухэм щаІуащІащ икІи зыкъыхуэзыгъэзахэм я Іуэху 13-м щызэплъащ.

Налшык къалэм щыщ пенсионер Вершков Александр депутатым Іуэхущ1кІэ зыхуигъэзат, псори псэупІэкоммунальнэ Іэнатіэм и лэжьакІэм теухуауэ. Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхум и унэр къэзыгъэхуабэ Іэмэсымэм дагъуэ иІэщ, и фэтэрыр зыхэт пэуущІэм и бжэр бгъэбыдэ хъуркъым, абы бжыгъэм теухуа ІункІэбзэ1ух хэлъ пэтми. Къищынэмыщ1ауэ, унэм и хъуреягъыр, и Іухьэ пІэхэр къаГэнэхуркъым. Зыкъыхуэзыгъэзам жиІа-хэм я едаІуэри, депутатым ар къигъэгугъащ а Іуэхугъэ зи нэІэ щІэтын хуей ЖЭК-м а псори зэхигъэкІыну пщэрыльэ щищІыну.

Майскэ къалэм щыщ Къардэн Залым депутатым елъэІуащ уэздыгъэ игъэсам пэкІуэу щІыхуэшхуэ телъу къызэрыжраІэм теухуа Іуэхур хуэзхигъэкІыну, езым зэрыжиІэмкІэ, абы лъабжьэ лъапкъ иІэкъым. Геккиевыр занщІэу псэлъащ уэздыгъэ Іуэхугъэр зэкІэлъызыгъакІуэ компанием и инженер нэхъыщхьэм деж икІи а Іуэхур сыт и лъэныкъуэкІи зэпкърахыну гурыІуащ.

Май щІыналъэм щыщ Хьэжнэгъуей Владимир Геккиевым зыхуигъэзащ езым иГэхъэзэыра мэкъумэш проектыр игъэззэщІэн папщІэ зыщІэлъэІуа щІыхуэр къыщІрамытым и щхьэусыгъуэр хуэзхигъэкІыну. ХьэрычэтыщІэм и мурадт псынщІэу зыхэзыпкІэхэм хуэдэ жыгъэр хисэну, ауэ абы папщІэ зыхуеину ахъшэ щІыхуэ къратырыкъым. Абы Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм иджыри зэ зыхуигъэзэжыну жриІащ, льготэкІэ щІыхуэ зэрат хабзэм щыгъуазэ щыхуащІын икІи абы папщІэ зыхуеину дэфтэрхэр зэхуихьэсынымкІэ къыдэІэпыкъун папщІэ.

Зэ1ущІэм къыкІуэгъэр щызэхилъхьэжым, Геккиев Заур къыхигъэщащ язныкъуэ Іуэхуэр телефонкІэ упсалъэу зэхэбгъэкІ зэрыхъур, язныкъуэхэри куууэ зэпкърыхын хуей зэрыхъур. Апхуэдэу щытми, зэхъуэкъуэзыгъэзза зы цІыхуи гулъытэнщэу къаГэнэнукъым. Дэтхэнэ зы Іуэхури тэмэму зэрызэхагъэкІынымкІэ, хуей хъумэ, зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэхэм депутатым зэрызэхуигъэзэнымкІэ цІыхухэр къигъэгугъащ Геккиевым.

ДОХЪУШОКЪУЭ Бемырзэ.

Дунейпсо кином и тхьэмахуэ

«Fest-хиты» фІэщыгъэм щІэту жэпуэгъуэм и 21 - 24-хэм Налшык щекІуэкІащ Дунейпсо кином и тхьэмахуэ. УФ-м, КъБР-м Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэм, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм, «Благая весть» Іуэхущ1апІэм къызэрагъэпэща фестивалыр иджы етІуанэу Налшык щызэхуашэ.

КИНО техыным хуэІэижьхэу Германием, Китаймэ, Индиемэ, Латвиемэ, Кипрым къикІахэм зэІущІэ гъэщІэгъэнэхэр ирагъэкІуэкІащ а махуэхэм.

«Дэ налшыкдэсхэр зедгъэплъыну къэштащ фестиваль кинощ, ар цІыху куэдым ялъагъунукъым. Къыхэзгъэщыну сыхуэйт кинематографиер ипкІэ зыгъэкІуатэр апхуэдэ кинохэр зэрыарар», - жиІащ Урысей Федерацием и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Новожилов Сергей.

«Лиризмы» (Урысей, 2016), «Река жизни» (Китай, 2017), «Леди озера» (Индие, 2016), «Инородное тело» (Германие, 2015), «Однажды в Резекне» (Урысей/Латвие, 2017), «Парень на мосту» (Кипр, 2016), «Весенняя пора» (Урысей, 2017) фильм гъэщІэгъуэнхэр щагъэлъэгъуащ фестивальм.

Кином и тхьэмахуэр щызэхуащІыжым хэтащ актёр щІэрыІуэхэу Риберэ Дмитрий, Булис Андрис, Тихонов Дмитрий, Колосов Максим сымэ, нэгъуэщІхэри. Пшыхьым къырихьэлІат КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ щыщхэр, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм, щІалэгъуалэ, жылагъуэ политикэ Іуэхущ1апІэхэм я лыкІуэхэр, гъуэзджэм, щэнхабзэм, щІэныгъэм я лэжьакІуэхэр.

ИНЭРОКЪУЭ Даня.

● Пшыхьхэр

УсакІуэшхуэр ягъэлъапІэ

Налшык и Къэрал Музыкэ театрым щэкІуэгъуэм и 1-м литературэ-макъамэ пшыхь дахэ щекІуэкІащ, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ Кулиев Кьайсын къызэраухурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэщауэ.

ЗЭХЫХЬЭМ кьрихьэлІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, абы и ятэ къуэдзэ **Ахъуэхъу Таймураз**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ1 **Беппаев МутІэлип**, абы и къуэдзэ **Тхьэгъэзит Юрий**, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, **Горький Максим** и цІэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля**, Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкІэ Москва дэт къэрал университетым и профессор, Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэ фондым и унафэщ1 **Парпарэ Анатолий**, КъБР-м и федеральнэ, республикэ властхэм я органхэм, район, къуажэ администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэм я лыкІуэхэр, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Ростов, Астрахань областхэм, Москва къалэм, Тыркум, Алтайм, Къэзахъстаным, Кыргызыстанм, Башкортостаным, Чувашием, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІа хьэщІэ лъапІэхэр, Кулиев Кьайсын и благъэхэмрэ Іыхьлыжьхэмрэ - и къуэ Ахъмэт, ипхъу Жаннэ, и щхьэгъусэ Элизэт, усакІуэшхуэм и творчествэр фІыуэ зыльагъуэхэр, ар къэзыщІыхуу щытахэр.

Пшыхьыр иригъэкІуэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Ар къызэхуэсахэм къахуеджащ къэралым и щІыналъэ куэдым къикІыу Кулиев Кьайсын и юбилейм ирихьэлІэу республикэм къагъэхьа хъуэхъу телеграммэхэм. XX лІэщІыгъуэм и усакІуэшхуэ Кулиев Кьайсын и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ягу къыщигъэкІыжым, министрым къыхигъэщащ абы къыщІэна тхыгъэхэр балъкъэр усыгъэм зэрилъагапІэр, хэку лъагъуныгъэр, захуагъэр, дахагъэр зыгъэпсыуа и усэхэм Урысейм и мызакъуэу хамэ къэралхэмкІэ щІэупщІэжьхуэ зэрыщІэр, ахэр ноби щІэщыгъуэ ящыхъуу зэрызэІэпахыр, бзэ зэмылІэужьыгъуэу пщІы бжыгъэхэмкІэ зэрызэрадзэкІар, балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа, и егъэджакІуэу щыта Мечиев Кязым и тхыгъэ купщІафІэхэм Кьайсын зэрыпищащ, цІыхубэм ягу дыхьэ бзэ дахэ, къуелэй зэрыІурылъар.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

● ЗэІущІэхэр

ЩІыналъэхэр зэщІагъэхьэ

КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъу Бозий Натбий Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм щригъэкІуэкІащ 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа указэхэр зэрагъэзащІэр щызэпкъраха зэІущІэ.

АБЫ хэтащ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Р., республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ, лажьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ, ухуэныгъэмкІэ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрэм я къуэдзэхэу Шынтыкъу И., Ацкъан Р., Швачий Т., ТІымыжь Хь., Къэбэрдей-Балкъэрым и Унафэщ1ым и чэнджэщэгъуэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщу службэм и Іэщ1агъэлІ Вялькев Г., район администрацэм и аппаратыр, къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ органхэм, жылагъуэ институтхэм, политикэ партхэм, щІыналъэ Іэнатіэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я унафэщІхэр.

Бозий Натбий и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым и накъыгъэ указхэр зэрагъэзащІэр кІэлъыплъыныгъэ щхьэхуэм зэрыщІэтыр икІи зыхуагъэувыжахэмрэ къапэщыт къалэнхэмрэ кьанэ щымыІэу зытрауха пІалъэм и кІэм нагъэсын щхьэкІэ, илъэсым щыщу къэнэжа мазитІым къаруущуэ ирахьэлІэн зэрыхуейр.

Дзэлыкъуэ щІыналъэм накъыгъэ указхэр щыгъэзащІэныкІэ и жэуап такІуэхэм зыхуэсахэр я докладэм къыщащІэлъэІуащ. Къахьа бжыгъэхэм зэрыжаІэмкІэ, районым сабийуэ къыщалъхум иужьрей илъэситхум хэпщІыкІыу кІэроху. Ар лІэщІыгъуэ кІуам и бгъущ1 гъэхэм республикэм къыщыхъуа демографие щытыкІэ гугъум и зэранщ. Сабий лІэжхэм я гугъу тщІымэ, мазийм къриубыдэу къалъхуагъащІэ миным 2,5-рэ хуоэз. Нэгъабэ а бжыгъэр 9,3-м нэсырт.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ къуршхэм я щІыуэпсым теухуа конференц

Зэхуэсым хэтащ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт, еджапІэ нэхъыщхьэ, щІыуэпсыр хъумэным елэжь Іуэхущ1апІэ нэхъыфІхэм я лыкІуэхэу Урысейм и щІыналъэ 22-м, нэгъуэщІ къэралыбым - Тыркум Ираным, Абхъазым, Азербайджаным, Армением, Таджикистаным, Узбекистаным - къикІахэр.

КОНФЕРЕНЦЫМ и къалэн нэхъыщхьэу щытар бгылъэхэм узыщрихьэлІэ псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ джыным Іэщ1агъэлІхэм я зэфІэкІыр хуэзащІагъэуІуэныщ.

Зэхуэсым щагъэхьэзыращ къуршхэм я щІыуэпсым теухуауэ щыІэ гугъуехьхэр щыгъэнэІуа тхыгъэхэр.

ТЕНДЖЫЗ Ринэ.

НОБЭ

♦1562 гъэм Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и щІалэ Дуненыкъуэ и гъусэу Астрахань хъаным и деж кІуаи.

♦1903 гъэм Голландием щыщ физиолог Эйнтховен Виллем гум и лэжьэкІэм зэрыкІэлъыплъ электрокардиограф Іэмэсымэ зэрызэпкърилъхьар хэІуэщІыІу ищІащ. И хъуэтэныгъэхэм папщІэ абы 1924 гъэм Нобель и саугъэтыр хуагъэфэщауэ щытащ.

♦1906 гъэм Берлин Іэ зыщыщІадзэ Дунейпсо Радиотелеграф конвенцэмкІэ къащтащ тенджызым гузэвэгъуэ щыхэхуа кхъуьым адрейхэм хъыбар зэрарегъащІэн хуей щыкІэр - SOS сигналыр.

♦1907 гъэм дунейм щыяпэу Франджым вертолёт щагъэлъэтащ.

♦1918 гъэм Польшэм и къралыгъуэр зэфІагъэувэжащ.

♦1928 гъэм Тыркур хьэрып алфавитым къытекІри, латин графикэм техьащ.

♦1931 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къаратащ ВЦИК-м и ЩІыхь тхылъыр.

♦1941 гъэм нэмыцэдзэхэм Курск къалэр яубыдащ. Фашистхэм ар илъэсым щІигъуКІэ - 1943 гъэм мазаем и 8-м советыдзэхэм хуит кащІыжьыхукІэ - яІыгащ.

♦1957 гъэм СССР-м хьэршым игъэльэтащ «Спутник-2» кхъухьыр. Абы исащ Лайкэ хьэр.

♦1958 гъэм Париж къыщызэІуахащ ЮНЕСКО-м и Іуэхущ1апІэхэр.

♦2003 гъэм дунейм ехьжащ совет усакІуэ цІэрыІуэ, Дагъыстаным и щІыхьэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Гамзатов Расул**.

♦2010 гъэм дунейм ехьжащ урысей къэрал къулыкъущІэ, политик щІэрыІуэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1у щыта **Чернобырдин Виктор**.

♦Совет усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, тхакІуэ, критик **Маршак Самуил** къызэраІухурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Багрицкий Эдуард** къызэраІухурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Уэрэджэ1акІуэ, уэрэдус, композитор усакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Градский Александр** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Швецием къыщалъхуа, Америкэм щыпсэу, щылажьэ актёр, режиссёр, сценарийхэр зытх **Лундгрен Дольф** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей фигурист, зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм 70-м щІигъуэр щытекІуа, абыхэм ящыщу - Олимп джэгуэмэ тІэунейрэ, дунейм щынейрэ, Европэм блэнейрэ, Урысейм пщІэнейрэ я чемпион хъуа **Плющенкэ Евгений** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ФІы зыщІэ и пщІэ кІуэдкъым.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Щ Iыналъэхэр зэщIагъэхьэ

Узыншагъэр хъумэныкIэ Iэухущ1аIоэхэм я мылькутехникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным иужьрей илъэсищым гулъытэ хэха хуащIащ. ЛъхуапIэ къудамэр зэрагъэпэщижащ, ЯтIэкъуэ, Дженал, Бэтэх, Малкэ къуажэхэм фельдшер-акушер пунктхэр, Хьэбэз, Зольскэ, Шордакъ жылагъуэхэм амбулаторэхэр щатащ. Районым и сымаджэщ нэхъыщ1ыхэм и гинекологие къудамэр егуГуу зыхуей хуагъэзащ. ЗэIуIэм къыщагъэлъэгъуащ щыналъэ поликлиникэм и къатэ11 корпусыр, Белокаменскэ, Къамылыкъуэ, Чыщбалъкъ, Приречнэ, Каменномост, Сэрмакъ, Светловодскэ жылагъуэхэм щеIэзэ я амбулаторэ унэхэр къызыхуэтынащ зэрагъэпэщ1ыжыну, Псынэдахэ къуажэм амбулатора щ1аухэну къаззэрыпэщ1ытыр.

Узыншагъэр хъумэным, егъэджэнигъэм, щэнхабзэм я Iэнатl1экIэм мазибгъэм улахуэр зэрыщ1ыхьуар ягъэ нэIуащ. Узыншагъэр хъумэныкIэ щэнхабзэмкIэ Iэнатl1эхэм зытращ1ыхьа бжыгъэм ар щ1ахунэгъэсакъым.

Урысей Федерацием и Президентым и Указ №596-м къегъэуВ 2020 гъэм ирихьэлIэу лIэу лэжьаIпIэ Iэнатl1эхэр къызэрагъэпэщ1ыну, щ1ыхэр ирагъэфIэкIуэну. Ар гъэзэщIэн зэрыщ1ддзэрэ Iэнатl1э 394-рэ къызэIуахащ. Абы щ1ыщу 243-р мы илъэсым и мазиблъэм хуоз. Агропромышленнэ комплексым и предприятхэмрэ бизнес мащIэмрэ а Iэхъум гулъытэ нэхъыбэ щагъэуст.

Ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапIэ къахуэгъуэтыным мы гъэм хэхаУэ йогуГу. Цыхухэр зэгурыIуэныгъэкIэ къегъэщтэным, я улахуэр гъэбелджылыным пащэ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ Iэмалкlэ мы гъэм Iэнатl1эншэ 378-м лэжьыгъэ ираташ.

Дзэлыкъуэ щ1ыналъэм Iэнатl1э щ1ыхьуэхэм инвестицэ проект зыбжанэ щагъэзэщIащ. 2012 - 2016 гъэхэм къриубыдэу инвестицэу сом мелардрэ мелуан 30-рэ мылъку нэхъыщ1ыхьэм хуэзщ1агъэIуащ. Мы илъэсым сом мелуан 305,6-рэ и уасэ инвестицэ проекту 13 яГъэзащIэ. Абы щ1ыщу сом мелуан 252,7-рэ и уасэ проектибгъэм бюджет инвестицэхэр къыщагъэсэбэпыркъым. А проектхэм Iэнатl1эщIэу 33-рэ къызэрагъэпэщ1ынущ.

ЗекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ, унагъуэхэри хэту, мэхьумэш Iуэхущ1аIпIэ псоми мэкъумэшхэкIыу сом мелярди 2,5-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ лъхьэнэм елъытауэ проценти 2,1-кIэ нэхьыбэ кърахьэлIэжащ. Бжьыхьэсэхэмрэ къэкIыгъэ пасэхэмрэ кIэрыхуншэу зэщIакъуэжащ, мы зэманым нартыху гъавапхъэр, сэхураныр, кIэрГIофыр Iуахыж.

Мазибгъуэм тепщIыхьмэ, былым бжыгъэми, Iэщхэкlыу яГэхьэзэырми нэхъуэ иКIи екъуIэныгъэ нэрылъагъуэр кьрокIуэ.

Зи гугъу тщ1ы зэманым гъэшу тонн 66604-рэ, лыуэ тонн 6084-рэ къалэжьащ. Аэхр гъэ кIуам и апхуэдэ зэманым ярэзэкIам нэхъыбэ процентти 8,8-кIэ, проценти 7,7-кIэ нэхъыбэщ.

Илъэсищым къыщыщIэдзауэ илъэсиблым нэс зи ныбжь сабийхэм эпымыууэ пэублэ щIэныгъэ гъэдзэн яГуэтыныжмкIэ лэжьыпхъэхэр 2016 гъэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщ1ын хуейуэ УФ-м и Президентым и Указ №599-м къыгъэувыр яГъэзащIащ, зи школ кIуэнтуэ мыхъуауэ электрон чэзум щатха псоми апхуэдэ Iэмал яIэщ. Иджы адэкIэ я къалэныр абы теухуауэ яГъэхьэзырра кIуэнтуэ кIи фIагъ хэльу къызэгъэпэщ1ыным, абы папщIэ зэфIагъэкIхэмрэ мы зэман гъунэгъум я мурадхэмрэ пыща Iэухуэгъуэхэм.

ЗэIуIэм зыхуэфащэ унафэ къыщащтащ, протокол пщэрылъхэр щатащ, аэхр гъэзэщIэныжмкIэ жъуаптакIуэхэр яГъэбелджылащ.

ЩОКЪУИЙ Аминэ,
Дзэлыкъуэ щ1ыналъэ администрацэм и и пресс-Iуэхущ1аIпIэм и лэжьакIуэ.

● ДифI догъээтъапIэ

Щ Iэныгъэл I щэджащэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий

Адыгэхэм игъащIэми къыддекIуэкI ди хабзэр, къмысыр джыным, екIуу зехьэным, а лъэпкъ фIыгъуэхэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэным гулъытэ хэха хуэзыщI ди щIэныгъэлIхэм ящыщ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор БгъэжьнокъуэБарэсбий Хьэчим и къуэр.

БГЪЭЖЬНОКЪУЭР Бахьсэн щ1ыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1947 гъэм къыщалъхуащ. Курыт школыр фIы дыдэу аныуха нэужь, абы еджэным щ1ыпащащ КъБКъУ-м и филологие факультетым. ЕкъулIэныгъэ лъагэхэр иГэу щIэныгъэ нэхъыщ1ыхэри зригъэгъуэтащ Барэсбий. ауэ абдежым къыщ1ыувыIакъым. Щ1эныгъэм хуэнэхъуеиншэ щ1алэм и зэфIэкIхэм щ1ыхыгъэхъуащ СССР-м Щ1эныгъэхэмкIэ и Академием Бзэщ1эныгъэхэмкIэ и институтым и аспирантурэм. КъБКъУ-мрэ аспирантурэмрэ щыщеджа илъэсхэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу Бгъэжьнокъуэ Барэсбий итхъыгъэ щ1ащ 1973 гъэм екъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр.

Еджэнкlэ зэфIигъэкIыу республикэм къигъэзэжа нэужь, Бгъэжьнокъуэр КъБКъУ-м ирагъэблагъащ иКIи илъэси 10-м щIигъукIэ абы психологиер щригъэджащ. Жъуаплъныгъэ зыпылъ а лэжьыгъэм къыдэкIуэу Барэсбий къэхутэныгъэщIэхэр дапщэщи иригъэкIуэкIырт иКIи абыхэм къарикIуахэр и щIэныгъэ тхыгъэхэм къыщигъэлъагъуэрт, дунейпсо щIэныгъэ зэхьыхьэхэм я утыкушхуэхэм щиIуатэрт. 1974 гъэм къыщыщIэдзауэ Барэсбий жыджэру ядэлэжьэн щIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и Iэщ1агъэлIэхэм. Ар ирагъэблагъэрт абы къыщызэрагъэпэщ зекIуэхэм, щ1ыналъэм и къэпкъхэм я хабзэхэр, щэнхабзэхэр джыным епхауэ институтым щекIуэкI лэжьыгъэхэми хуабжьу дахьэхыу хэтащ.

ЛI1ащ1ыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм я кIэуххэм щ1эныгъэлIыр нэхъыбэу дехьэхыщ1ыхьэр джыным. Абы теухуа и гупсысэхэр Бгъэжьнокъуэм къыщегъэлъагъуэ тхыгъэ куэдым. Араущ зытеуухуэу щытар «Зэхущ1ыкIэхэмрэ щэнхабзэмрэ» щIэныгъэ статьи иныр. «Советская этнография» яКъаралпсо щIэныгъэ журналым 1978 гъэм къытехуауэ щыта а лэжьыгъэ купщIафIэм мыхьэнэшхуэ иIащ а унэтIныгъэр джынымкIэ. ЗэфIиха апхуэдэ къэхутэныгъэхэр щIэныгъэлIым къыщ1ызэщIикIуэжащ 1985 гъэм утыку кьрихьа и доктор диссертацэм. Абы гулъытэшхуэ щигъуэтащ щIэныгъэ дунейм. Бгъэжьнокъуэм а лэжьыгъэм япэу щиубзыхуауэ щыта «лъэпкъ зэхущ1ыкIэхэр», «лъэпкъ образхэр», «лъэпкъ щэнхабзэкIэ зэхъуэжьэныгъэ», «зэхущ1ыкIэхэм я хабзэхэмрэ нэщэнэхэмрэ» псалъэ зэпхахэр, нэгъуэщIхэри абы къыщыщIэдзауэ хьыхьащ щIэныгъэ литературэм иКIи ноби ахэр шэщIауэ куэдым къагъэсэбэп.

А илъэсым Бгъэжьнокъуэ Барэсбий ирагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. Ар абы щ1ылэжьащ этнографиемкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу, лъэпкъыр, абы и щэнхабзэр джыныжмкIэ къудамэхэм я унафэщIу. ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкIыщхуэрэ зыбгъэдэлъ хэкупсэр 2007 яГъэващ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIу иКIи илъэси 7-кIэ а кулыкъуэр къызэхутэныншэу ирихьэкIащ. Бгъэжьнокъуэм и нэIэм щIэту Iуэхущ1аIпIэм а лъэхъэнэм щ1ыхьэхащ къэхутэныгъэ купщIафIэ хуэзыщ1ыгъэгъэпэщащ, щIэныгъэ симпозиумэхэр, конференцэхэр, нэгъуэщI щIэныгъэ гъэдзэн яГуэтыныжмкIэ лэжьыпхъэхэр зэрызэдэлэжьэнымрэ ятеухуа зэгурыIуэныгъэ. Абы къызэщIеубыдэ экономикэм, социальнэ Iэнатl1эхэм, щэнхабзэм, спортым зезыгъэужьыну Iуэхугъуэ псори.

ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан и жардэмкIэ, щ1ыналъэм и курыт еджапIэ псоми я класс нэхъыхьэхэм щIэсхэр дин нэпцIым зэрызэщ1ыхьумапхъэм, зэрыпэщIэтыпхъэм хагъэгъуэзащ, профилактикэ лэжьыгъэхэр щ1ыпIэхэм зэщхьащ1ыхьауэ щрагъэкIуэкIащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум хашащ гъащIэм и пIалъэ зэщIэ нэхъыжьыфIхэр, жылагъуэ институтхэмрэ щIалэгъуэлIамрэ. Псори зэхэту щ1ыху 1860-рэ щIэгъэкъуэн къащIащ.

Зэхьыхьэм щ1ыхэплъащ уней лъапсэ щаухуэн щхьэкIэ, Дзэлыкъуэ щ1ыналъэм и муниципальнэ мылъкум щыщ щ1ы Iыхьэхэр щ1ыхуэхуэхэм етыным, щ1ыналъэр псыра газкIэ зэблэмыууэ иКIи фIагъ хэльу къызэгъэпэщ1ыным, абы папщIэ зэфIагъэкIхэмрэ мы зэман гъунэгъум я мурадхэмрэ пыща Iэухуэгъуэхэм.

ЗэIуIэм зыхуэфащэ унафэ къыщащтащ, протокол пщэрылъхэр щатащ, аэхр гъэзэщIэныжмкIэ жъуаптакIуэхэр яГъэбелджылащ.

ЩОКЪУИЙ Аминэ,
Дзэлыкъуэ щ1ыналъэ администрацэм и и пресс-Iуэхущ1аIпIэм и лэжьакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатl1эм щыкIэлъплъ1ынымкIэ и къэрал комитетым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №182-ПП

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м Налшык къалэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я зэхэтыкIэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Указ №199-УГ-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатl1эм щыкIэлъплъ1ынымкIэ и къэрал комитетым теухуа положенэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатl1эм щыкIэлъплъ1ынымкIэ и къэрал комитетым (адзкIэ - Комитет) и аппаратым и лэжьакIуэхэм я бжыгъэр 1ыхьу 64-рэ (Iуэхущ1аIпIэхэм я унэхэр хъумэнымрэ абыхэм якIэлъплъ1ынымрэ зи къалэнхэр хэмыту), я мазэ улахуэр сом мин 377,33-рэ хъуУ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым аппаратым и къалэнхэр иГэзэщIэным трагъэкIуэдэну къыщыгъэлъэгъуахэм къыхэкIыу, гъэувын.

3. Комитетыр хуит щIын унафэщIым и къуэдзэу 4, цIыхуи 9 зыхьыхьэ коллегиерэ правленэрэ иIэну.

4. Къару имыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатl1эм щыкIэлъплъ1ынымкIэ и къэрал комитетым и Iэхъуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыщта Унафэ №269-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и языныкъуэ унафэхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхъуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм шыщхьэуIуэм и 7-м къыдигъэкIа унафэ №183-ПП-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэм халъхьа зэхъуэжьныгъэхэм я 1-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыщта Унафэ №269-ПП-м зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхъуэкlэ», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм фокIадэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №218-ПП-м;

«Коммерческэу щ1ымыт Iуэхущ1аIпIэ хэхам (щ1ыналъэ операторым) фэтэр куэд зыхэт псэупIэ унэхэр зэгъэпэщ1ыжьным хуэгъэзауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр яГъэвауэ щIиIэ мардэхэм зэрезгъэщ1ыкъэпщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къыдигъэкIа унафэ №225-ПП-м и 2-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатl1эм щыкIэлъплъ1ынымкIэ и къэрал комитетым теухуа положенэм зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхъуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкIа унафэ №67-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухунэгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм теухуа положенэмрэ Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатl1эм щыкIэлъплъ1ынымкIэ и къэрал комитетым теухуа положенэмрэ зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхъуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №245-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм ирашал Iэ

Прохладнэ щ1ыналъэ судым и унафэкIэ, а щ1ыпIэм щ1ыщ цIыхухъур яГъэтIысащ. Ар яГъэкъуанщэрт УФ-м и УК-м и 222.1-нэ статьям и япэ Iыхьэмрэ 223.1-нэ статьям и япэ Iыхьэмрэ къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилъэкам къыхэкIыу (къагъауэ вещество хуимыту зэрихьумам, зэригъэхьэзырам папщIэ).

Судым къызэрихутамкIэ, 2016 гъэм и дыгъэгъазэм езым и унагъуэм къагъауэ вещество Iэрыщ1у 12 абы хуимыту щигъэхьэзырат. И зэхуэдитIыр къыщалъхуа махуэм, адрейхэр - Илъэсщ1эр къыщихьэм къигъэуащ. 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Урысейм и МВД-м и «Прохладнэ» щ1ыналъэ зэхуаку къудамэм и лэжьакIуэхэм къытрахыхукIэ, грамм 35,3-рэ хъуУэ къыхуэна къагъауэ вещество и унэм щ1ихумащ.

Судым ар къуаншэу къилъытащ иКIи прокурорым арэзы дэхъури, зэрагъэнэху пIалъэу илъэситI тельу, илъэсищрэ мазихкIэ условнэу игъэтIысащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1аIпIэ.

● Гъуазджэ

«Кабардинка» къэрал академие гупым хэт Къумыщ Заринэ.

Хэкупсэр ящыгъупщэркъым

А махуэм цIыху куэд щызэхуэсат Нартан дэт школ-интернатым и куэбжэ дыхьэпIэм деж. Бжьыхьэку мазэ пэтми, гъэмахуэ фIэкIа умыщIэну, дуней щ1ыткIэр тельыджэт. Еджакlуэ цIыкIуэхэр дахуэ зэщ1ыхуэпыкIаеу школ дыхьэпIэм деж щ1ытт, хьэщIэ къыхуэкIуэхэр къраГъэблагъэу. Школ пщIантIэм къыщыщ1эуахынут еджапIэм зи цIэр зэрихьэ я къуажэгъу, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта Наурыз Мамышэ и фэеплъыр. Гуфiэгъуэ зэхуэсым кърихьэлIат зауэлIым и бынхэр, абыхэм къащ1эхъужажаэр, къуажэдэс нэхъыжьхэр, нэгъуэщI жылагъуэхэм щыщ хьэщIэхэр. 115-нэ щуудзэм и командиру щыта, генерал-майор Скороход Антон и къуэрылъху Игорь къащ1ыхеблагъэм, абы цIыкIуэхэр шыгъупIастэкIэ Iущ1ащ.

ЗэIуIщIэр къызэIуахын и пэ къикуэу, еджапIэм и пщIантIэм къыдыхьащ адыгэ шууейхэр. Абы хэм яIыгъ адыгэ лъэпкъым и ныпыр, апхуэдэу Наурызых я дамыгъэр зыльтри. Зэхуэсыр къызэIуэзыха, интернатым и унафэщI Алишанов Алисулътан кIэщIу тепсэлъыхьащ Мамышэ къикIуа гъуэгуанэм, абы и цIэр илъэс Iэджэ щIауэ я еджапIэм зэрызэрихьэм, лIыхъужьым хуэфащэу щIэблэр гъэсэным егъэджакIуэхэм я гуащIэ, я зэфIэкI зэрырахьэлIэм. Абы и ужькIэ псалъэ ираташ 115-нэ дивизэм и командиру щыта Скороход и къуэрылъхум. Абы нартандэсхэм фIыщIэ яхуищIащ дивизэ щ1эрыIуэм хэтахэр зэращ1ымыгъупщам, ди зауэлI шууейхэм я лIыгъэр щ1эблэм я гъуэзэу къызэрагъэтэджым папщIэ.

- Нобэ дядэм иращIэкI дауэдапщэм, хуащI сэдэкIэм кърихьэлIа псоми фIыщIэ ин яхуэощ, - къызэхуэсасхэм захуегъаз Мамышэ ипхъу Зауржан, - фи щхьэкIи, фи унагъуэкIи насыпыр фи куэду фи гъащIэ Iыхьэр ефхьэкIыну Тхъэм жиIэ. ФIыщIэ хэха яхуэсщ1ыну сыхуейт мы Iуэхур къезыхьэжьаxэм, къыззэгъэпэщащхэм. Псом хуэмыдэжу щ1ытхъу ин хуэфащэщ мыбы зи мыльку хэзылъха ди щIалэм, Тебэрды Азэмэт. Гуфiэгъуэ и куэду, и мурадхэм и Iэр техуэу, и адэ-анэр къыщ1ыхьащ1у гъащIэ кIыхь иIэну сохуэхъу.

Зэуапlэ губгъуэм щхьэмыгъазэу ита я къуажэгъуэр зыщIэжу нобэ мащIащ а жылэшхуэм дэсыжыр. Абыхэм ящыщщ Мамышэ и шыпхъуэм ипхъу Егъэн Нусэ:

- Сэ мы школым егъэджакIуэу сыщылэжьащ илъэс 30-м щIигъкIэ. Си анэ дзатьхуэ и цIэр еджапIэм зэрызэрихьэм пхужьмыIэным хуэдизу сроГуфIэ, сроГуушуэ. Къилэжьащ ар абы. Зы закъуэщ Мамышэ теухуауэ сщIэжьыр. Абы щыгъуэ илъэс зытхыным сит къыщIакIынт. Отпуск къэкIуэжауэ, игъащIэм сымыльэгъуа мандаринрэ ицIыкъэбзуэрэ сигъэшхуэу щытащ. Ноби си нэгум щIэтщ а махуэр.

Къэпсэлъэныр зэфIэкIа нэужь, къызэхуэсахэр кIуащ Наурызым и фэеплъыр къыщызэIуахыну лъэныкъуэмкIэ. Ар Хэку зауэшхуэм хэтхэм хуэхаха щIыпIэщ: удз гъэгъа дахэхэмкIэ, щхьэантIагъэкIэ гъэщIэрэщIауэ. Фэеплъым телъ тепхъуэр трахащ лIыхъужьым и къуэмрэ Скороход Игоррэ. Наурыз Заурбэч фIыщIэ яхуищIащ интернатым и унафэщIхэмри, лэжьакIуэхэми, и адэм и щIэр зэрагъэпlапIэм, зауэм лIыгъэ щ1эзэрыхьэхэр зэращ1ымыгъупщам, пщIэшхуэ зэрыхуащIым папщIэ.

Фэеплъыр къызэIуахэ нэужь, зэхуэсым къеблэгъаxэм къыхуащIащ ерыскъы Iэнэ. Шоколад цIыкIуэхэм ирагъэкIуэкI спорт зэхьэзэхуэ: волейболымкIэ, баскетболымкIэ зэпеуащ. Я къуажэгъу зауэлIым теухуа дауэдапщэр тэмэму къызэгъэпэщащым, егъэкIуэкIыным я зэфIэкI къалъхьащ интернатым щ1ыпажьэхэм. Псом хуэмыдэу физкультурэмкIэ егъэджакIуэ Индрей Жаннэ.

Мамышэ хэкупсэу, жыджэру, Iуэху щхьэпэ куэдым я зэхуэблакIуэу - зэрыщ1атым нэхьапэхэм щыгъуазэ дащIауэ щытащ абы и къуажэгъуэхэм, и ныбжьгъуэхэм - Хьэту Мыкlакъ, Джэлэс Таужид, Жыгун Хьэлил сымэ. Абыхэм зэрыжаIэжу щытамкIэ, балигъыпIэ щиувэм Мамышэ дзэ къулыкъым дащащ офицеру ирагъэджэну. Хьарэшну къиухущ, къигъэзэжри, комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым зауэ хуэIуэхуэщIэмкIэ иIэ къудамэм и нэхъыжьу яГъэващ. А Iэнатlэр илъэситкIэ зэрихьауэ, республикэм и спорт комитетым и унафэщI ящIащ. Абы щыгъуэ Мамышэ илъэс 26-рэт зэрыхьур. И лэжьыгъэщIэм гу щимыхуауэ Хэку зауэшхуэр къэхьеящ. Арщхьакlэ брон къратри дагъэкIыркъым. 1942 гъэм щуудзэ ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэщу щ1ыщIадзэм, ар лъэIуэри абы хьхьащ иКIи Ростов щIыналъэм нэсащ. Зауэр зищIысыр, ар зэрыпсэзэпылъхьэпIэр адыгэ щIалэм къыщIащ фронтым щыIута япэ махуэхэм. Ар щыкомиссарт 297-нэ полкым. Дыдейкэр щебгъэрыкIуэ, частым и командиру яуКIащ. Абдежым адыгэ щIалэм командир къалэнир и пщэ дилъхьэжащ. Ар къыщылъэтри, сэлэтхэм захуигъазауэ щытащ: «Ныбжьэгъуэх! Ди командирым иIэ тщIэжынщ!»

Ди дивизэр къызэтракъута нэужь, Наурызыр 55-нэ гвардие полкым хэхуащ иКIи полкым и комиссар къалэнир аргуэру пщэрылъ къыхуащIащ. Нартан щыщ офицеры, майор цIэр зыфIащ, а частым хэту Гъэгуанэщхуэ зэпичащ. Абы къыхуиуащ автоматыр пщIэхэлъу Буг псым зэрысыкIыну. Ауэрэ ди армэр нэсащ Германием. А щIыпIэм щынэхъ гуащIэжт зауэр. Дэтхэнэ ди зы зауэлIм хуэдизу, Мамышэ щIэхъуэпсыр бийр нэхъ щIэх зэхэхъутэу и адэжь щIыналъэм къигъэзэжыну, апхуэдизу и нэ къызыхуикI и бынхэу Майе, Заурбэч, Зауржан сымэ илъагъуну. Арщхьакlэ абы къыхуиухатэкъым текIуэныгъэм Iущ1ну. Зауэр иухыным махуэ 16 фIэкIа имыIэжу, Хавель псым щIэзэпрысыкIым ар ихьащ биишэм...

Зауэр иухри зэманыфIи дэкIыжауэ, унагъуэм къыхуахьыжащ Мамышэ и щыгъынхэр, и дамыгъэхэр: Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщIауэ тIу, 2-нэ нагъыщIу зы, Бэракъ ПIлыжь орденыр.

Наурыз Мамышэ хуаусауэ щ1ыIэщ уэрэдитI. ХьэхъупащIэ Амырхъан и Iэдакъэщ1кIэм ящ1ыщ мы сатырхэм къыхощ лIыхъужьым хэпъа хахуагъэр:

«Ижьыгъэр хабзэжьти -
Пlыхъужьыр зауэм пэхутэщ,
Шу бланэу къимыкIуэтыжьыр
Наурызым и къуэ Мамышэ
щауэт...»

МЫЗ Ахьмэд.

Кавказ Ищхъэрэм и япэ электроннэ хъыбарегъащIэ Iэмал

Дыду Владимир

Оператор Дерико Анатолий

Режиссёр Мартиросовэ Ринэ

Хьэмжу Ларисэрэ Кривошапкинэ Екатеринэрэ

Оператор Мамхэгъэ Аслъэн

Диктор Токумаевэ Лейлэ

КъБР-м и ТВ-р илъэс 60 ирокъу

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и телевиденэр кызэрызIуахрэ мы гъэм илъэс 60 ирокъу. Ар япэ электроннэ хъыбарегъащIэ Iэмалу къыщыIэрагъэпэщат Кавказ Ищхъэрэм. Налшыкщ япэ радио псалъэр, телеиэтыныр къэзытар. ИджыкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-р республикэм и телеканал нэхъыщхьэщ, мыбы ис лъэпкъхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зыгъэзащIэщ 1 КъБР каналри, «Налшык» ОРТК-ри.

Ди телерадиокомпаниер нобэ щIыпIэ псоми щыIэхах, иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ гъэпса, зэчий зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ пажэхэр зиIэ Iэнатlэщ. Лэжьакlуэхэр зыщIэс унэшхуэр 1989 гъэм ящIауэ щытащ, метр эзбгъуэнатlэ 9.436-рэ и инагъуэ. Къыхэгъэщипхъэщ республикэ ТВ-р зэфIэувэным лэжьакIуэ куэдым я гущIэ зэрыхахьхьар: ахэр Макитов Сафар, Мокъуэ Борис, АфIэунэ Рае, Вэрокъуэ Владимир, Мартиросовэ Ринэ, Гочиевэ Сэхьид, Скорых Аллэ, Чымзэокъуэ Владимир, Хъуэжэ Хьэзрэт, Гуляев Башир, БжэныкIэ Мухьэб, Безыр Чэмал, КIуарашын Бетlал, Гадиев Ибрэхьим, Аттаев Магомет, Бищlо Анатолэ, Къущхьэ Людмилэ, Щоджэн Хьэбас сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я жыдэзрагъымрэ лэжьыгъэр ипэкIэ кIуэтэн щхьэкIэ техникэ мыхьэнэншэм щымыгугъыу къагупсыс хэкIыпIэхэмрэ я фIыгъэу жыпIэ хъунущ телевиденэр ипэ илъэсхэм зэрылэжьар.

2004 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-р хъыбарыщIэхэр хэзытыным хуэкIуащ. Абы лъандэрэ каналым и журналистхэр республикэм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми нос, ар цIыхубэм я деж нагъэс.

2011 гъэм, пIалъэ зыкъомкIэ зэпагъэуауэ щытами, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м «Россия-1» каналымкIэ Iуэхугъуэ хэхахэм теухуа нэтынхэр адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ къыту щIидзэжащ, программэ гъэщIэгъуэн зыбжани, удэзыхьэх проектхэри яубзыхуащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и унафэщIщ Iуэхур фIыуэ зэкIэлъызыгъакIуэ, ди лъахэзгъуэм пщIэ зыхуащI Битокъу Владимир. Битокъум къыздыджIамкIэ, телевиденэр бжыгъэ нэтыным хуэкIуэн папщIэ зыхуей Iэмэпсымэ псори къаIэрыхьащ, мы гъэм и кIэм абы техьэну я мурадщ. А псом я нэхъыщхьэщ ТВ-м и щIыуэнэм щахъумэ архивыр иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ бгъэлъэгъуэфын хуэдэу тхыжын зэрыхуейр.

«Ар бгъэкIуэдынкIэ Iэмал зимыIэ беягъэщ, ди республикэм и тхыдэр къыздрыщ защIэщ. ЕтIанэгъэ Iуэху нэхъыщхьэу диIэнур мис а псори къэбгъэлъагъуэ хъууэ зздгъэпэщщыжынырщ», - къыджиIащ Битокъу Владимир.

Нобэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-р цIыхухэр зэплъ, гъэщIэгъуэн куэд къезыгъащIэ Iэмал хъарзынэщ. Республикэм и тхыдэр, щызекIуэ хабзэхэр, ис лъэпкъхэр, нэгъуэщI куэдми теухуа нэтынхэр кьат, дэтхэнэми езым и телевизореплъхэр иIэжу. ХьыбарыщIэжмрэ нэтынхэмрэ интернетым къыззрыралъхьэр хэтыжмэ, къэрал 60-м щIигъум щалъагъу ди лъахэм щагъэхьэзырхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Жаным Руслан, Макитов Камал, Жеттеев Мустафир сымэ Селезнёв Геннадий Iуощlэ.

БжэныкIэ Мухьэбрэ КхъуэIуфэ Хьэчимрэ

Вэрокъуэ Владимиррэ Губарев Владимиррэ

Гериев Сафаррэ Хьанэ Альбертрэ генерал Трошев Геннадий я гъусэу.

Майбородэ В., Гориковэ Р., Гочиев С., Мизиевэ Н., Сушко А. сымэ.

Жылэтеж Сэлэдин

Ноби къэтIасхъэркъым

1955 ГЪЭМ ТАСС-м къита хъыбарым къызэрыхэщыжыкIэ, «мазэ зыбжанэ хъуауэ Налшык щолажьэ инженер Сергеевым и жэрдэмкIэ къызэIуаха телецентр Iэрыщ. Абы хъарзынэу къеубыд километри 8-кIэ пэжьжьэу кьат телеиэтынхэр». 1957 гъэм мазаем и 10-м лэжьэн щIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм, нэхъапэкIэ любительскэ къудейуэ щытар. Ар къэунэхуным лъабжьэ хуэхъуащ лъэхъэнэм и зыужьыкIэри, щIыналъэм щIэ экономикэ щытыкIэр зэрефIэкIуари, республикэ унафэщIэр жьжьапIъэу къызэрыщIэкIари. Ауэ, шэч хэмылъу, щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хъуар жэрдэмщIакIуэхэм (инженерхэмрэ техникэм ирилажьэхэмрэ) я гумызагъагъымрэ зэфIэкIымрэщ.

1957 гъэм и накъыгъэ мазэм къэрал телевиденэр Щэнхабзэмкlэ министерствэм къыхагъэкIащ. Апхуэдэ унафэ къэрал лIыщхьэхэм къызэращтар куэду хуэщхьапащ телевиденэмрэ радиомрэ я пIэ имыуджыхьу заужьыныным. Сыту жыпIэмэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм, псалъэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ейр къэтщтэнщи, щэнхабзэ-уэзщIакIуэ лэжьыгъэм, художественнэ самодеятельностым, клубхэм я къызэгъэпэщыкIэм, щэнхабзэмкlэ институтхэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм и нэIэ тригъэтурэ, телевиденэмрэ радиомрэ я Iуэхуэр Iэпэдэгъэлэл щыфIэхъур нэхъыбэт.

Центральнэ телевиденэм документальнэ нэтынхэмкlэ и къудамэр «балигъ» зэрыхъуар «уэй-уэй» кригъэIэу Щ.Iалэгуалэм я дунейпсо фестивалым (1957 гъэм) щыгъэплъагъуэм, япэ лъабакъуэхэр зыча Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм «утыку итыкIэм зыхуигъасэрт» жылагъуэ-политикэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэр - Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъур Iэтауэ зэрагъэлъапIэр кьигъэлъагъуэурэ.

А лъэхъэнэм республикэр зэрыпсэур тхыдэм кьыхэнэжа махуэ гукъинэжкэр зэрекIуэкIым теухуа хъыбархэрт: «Москва щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуазджэмрэ теухуа гъэлъэгъуэныгъэ», «Урыс литературэм и декадэ Налшык щыIащ», «Налшык - Москва - Налшык» гъэзуанэр къызэщIэзыубыдэ шууей зекIуэ екIуэкIащ», «ЦIыху гупышхуэ Iуащхьэмахуэ дэкIащ»...

ЩIыпIэ телевиденэр хущIэкъуат телевизореплъхэр дзэлхьэхын, абыхэм яфIэгъэщIагъэуэнымрэ, абыхэм яфIэгъэщIагъэуэнымрэ, Апхуэдэ, псалъэм папщIэ, 1957 гъэм накъыгъэм и 1-м и щIыхькIэ налшыкдэсхэм я демонстрацэмрэ Москва кIуэуэ къэкIуэжыну зи мурад щууей гупыр зэрырагъэжьамрэ къэгъэлъэгъуэныр. А махуэм и пщыхьэщхьэм щIыпIэ телевиденэм къитащ екIуэкIахэм ятеухуа сурэтхэмрэ хъыбархэмрэ.

Телевизореплъхэм яфIэгъэщIагъэныр щIыпIэ хъыбархэм я закъуэтэкъым, атlэ къэралым кьыщыхуэхэри ящIэну хуейт. Ар къэпльыгъэри, КъБАССР-м и Министрхэм я Кабинетымрэ партым и комитетымрэ хэпльащ щIыпIэ телецентрым кьиубыд нэтынхэр нэхъыбэ хъунымкIэ хэкIыпIэу щIэзхэм. Абы ипкъ иткIэ 1957 гъэм шыщхьэуIум и 26-м Тырныауз кьалэ щрагъэжьащ ретрансляцэ зыщI телестанц щыухуэныр. КъыкIэлыкIуэ гъэм ар лажьэу яутIыпщащ.

ЩIыпIэ телевиденэм и япэ нэтын хъуам и гугъу пщIымэ, ар 1956 гъэм щекIуэгъуэм къатан ящIадза «Налшык» телегазетащ. А нэтыныр къызэзыгъэпэщащ режиссёрри Панасьян Воружант (иужькIэ ар илъэс куэдкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телевиденэм и режиссёр нэхъыщхьэу щытащ), тхыгъэхэм кьеджэр Къущхьэ Людмилэт. Япэ телерепортажыр, «Мамырыгъэ. Лэжьыгъэ. Накъыгъэ» зыфIащар, эфирым щыкIуар 1957 гъэм накъыгъэм и 1-рщ. Ар къыззэзыгъэпэщар иужькIэ Кавказ Ищхъэрэм щыиэхъыфI операторхэм ящIыщу къальыта, документальнэ телефильмхэр техьныжькIэ нэхъ Iэзэ дыдэу щыта Буслик Юращ.

1957 - 1958 гъэхэм къыдэкIа телеиэтынхэм жылагъуэ-политикэ Iуэхухэр къызэщIэзыубыдэу яхэтыр куэд хъуртэкъым. Ауэ телевизореплъхэм гунэс ящыхьэу нэтынхэр, кьуажэ псэукIэмрэ кьалэ гъащIэмрэ ятеухуахэр мащIэтэкъым. ЦIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къыщаIэту а илъэсхэм къэухуауэ щытащ «ШыбжийI» ауанэщI нэтыныр иужькIэ къызэтепщIыкIыжа къыдэкIыгъуэхэр. Жылагъуэ гъащIэм зыщыхъу мыхъумыщIагъэхэр ауан ящIу, зыльагъуэхэми дерс хахьн хуэдэу телевизореплъхэм я пащхьэ кърахьэрт ватман тхыльымпIэ напэшхуэхэм тет сурэт IэрыщIхэр, Iуэхум щыгъуазэ ухуэзыщI тхыгъэм дикторыр кадрым имыту кьеджэу.

Документальнэ телеиэтынхэр лъэ быдэ увыным хуэщхьэпащ телестудием и лэжьакIуэхэм еш ямыщIэу Iэмальщ Iэхэм пыхьэуэу икIи кьагъэту, щIыпIэ радиомрэ печатымрэ я лжьыгъэ гъэпсыкIэм кьыхаха дерсхэр кьагъэсэбэпу зэрыщытар.

1959 гъэм щIыпIэ телестудием зиужьным хуэунэтIа лъэбакъуэшхуэ ичащ: Налшык кьалэ, Долинск и Iэгуэблагъэм хэт телебашням пэмыжыжьэу щрагъэжьащ телевизионнэ центрыщIэр хуэунэр. Технкэ Iэмалхэр зэрефIэкIуам кьрикIуащ хуэмхуэмурэ телевиденэр цIыху нэхъыбэм яIэсэныр, республикэм и район псори кьызэщIиубыдэу зиубгъуныр. Ауэ, телевиденэм щылажьэ журналистхэм я бжыгъэр зэрымащIэм кьыхэкIыу, политикэм, мэкъумэшым, щэнхабзэм теухуа нэтыну ягъэхьэзырхэр ирикъуртэкъым. А щыщIэныгъэр ягъэзэкIуэжыну телевиденэм лэжьакIуэ ягъэкIуащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я редакторхэу, Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмтеатрымрэ радиомрэ я режиссёрхэу зи Iэщ Iагъэм фIыуэ хэзэгъаахэр. Абы кьрикIуар тележурналистхэр нэхъыбэ зэрыхъуам и закъуэтэкъым, атIэ прессэ, радио, театр Iэнатlэхэм щызэрагъэгъуэта зэфIэкIыр абыхэм кьызэдахьри, телеиэтынхэм я фIагъым хэпщIыкIыу хагъэхъуащ.

Хъарзынэу зызыужь унэтIынигъэхэм ящIыщт художественнэ нэтынхэмкlэ къудамэр. Псом хуэмыдэу телевизореплъхэм гунэс ящыхьэуат телеспектаклхэр. Уеблэмэ, абы и фIыщIэкIэ щIыпIэ театрхэм щыIэу нэхъыбэ кIуэуэ хъуат, къищынэмыщIауэ, кьуажэ пхыдзахэм щыпсэухэми иджы Iэмал яIэт драмэ постановкэхэм еплъыну.

1959 гъэм телестудием трихащ макъ зыщIэлъ япэ документальнэ фильм. Ар теухуат республикэми кьэгурыщIыпIэ куэдми я зэманым ирихьэлIэу къыщацIыхуа «Кабардинка» къэфакIуэ гупым. Абы кьыкIэлыкIуа «Налшык-хы ФIыщIэ» фильмым къыхуагъэфэщауэ щытащ СССР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкlэ и къэрал комитетым и диплом, оператор лэжьыгъэфIым папщIэ.

Телестудием и техникэ кьызэгъэпэщыкIэмрэ лэжьыгъэ гъэпсыкIэмрэ егъэфIэкIуэным, журналистхэмрэ редакторхэмрэ гъэхьэзырыным, кьулыкъущIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пресс-зIущIэхэр ядегъэкIуэкIыным кьыщынэмыщIауэ, публицистикэ и пэ эмыкъуэкIэ, нэтынхэм кьызэщIэубыдэ Iэужугъуэхэм я купщIэмрэ кууугъымрэ, ахэр зэманым кьызэрезэгъым кIэлъыплъ гупхэр кьызэрагъэпэщу щIадзат. Абы кьыдэкIуэу унафэщIхэм я нэIэ зытет унэтIынигъэхэм кьызэщIиубыдэрт лъэпкъ зэныбжьэгъуегъэр гъэбыдэным, Хэкур фIыуэ лъагъуныр теухуа нэтынхэр. Бгырысхэр нэхапэм зэрыпсэуамрэ абыхэм я иджырей гъащIэмрэ щIэзэрагъэт нэтынхэм я бжыгъэм хэхъуэрт, уеблэмэ, гъунэгъу республикэхэм щагъэпIагъуэрт, а щIыналъэхэм щытраха фильмхэмкlэ зэхъуэжэрт. А лъэхъэнэм трахауэ щыта телефильм кэдым СССР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкlэ и къэрал комитетым, Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм кьабгъэдэкI дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ кьыхуагъэфэщат.

70 гъэхэм ирихьэлIэу щIыпIэ телевиденэм зыщиубгъуат республикэм и щIыналъэм и процент 90-м. РетрансляторыщIэхэр дэнэкIи щагъэувырт, кабелхэр яукъуэдийрт. Къэбэрдей-Балъкъэрым телевизор мини 155-м щIигъу щылажьэрти, абы щыщу мин 15-р щхьэхIэплъыкIэу кьэзыгъэлъагъуэхэм хуэдэт. Нахьыбэ телестудием игъэхьэзыр нэтынхэри щхьэхIэплъыкIэ хъуат, 1977 гъэр кьыщихьэм ирихьэлIэу «Лотос» ягъэIэпхъуэ телестанцым и лэжьакIэр республикэм хъыщагъэIэрыхуа нэужь.

Телевиденэмрэ радиомрэ цIыхубэм и пащхьэ щахь кьалэнэхэр сыт щыгъуи ину щытащ. Ахэр иджыри кьэтIэсхъакъым. Ауэ а кьалэнхэм упальэщынукъым, узыпэрыт Iэнатlэр зыхуей-зыхуэфIкIэ кьыпхуэзмыгъэпэщмэ, журналистхэм я Iэзагъым зэрыхэбгъэхъуэн Iэху зумыхуэмэ. Дэтхэнэ нэтынри щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн икIи куп щIафIэ пщIыныр тыншкъым. Ауэ телевизореплъхэм ягу уэзрыдыхьэн, я нэфI къызэрыблэжьын, я гупсысэ къызэрыбгъэзышын нэгъуэщI хэкIыпIи зэкIэ щыIэкъым. Мы псалъэхэр яхуэгъэзащ хъыбарегъащIэ Iэнатlэ езыхьэкIхэм, псом хуэмыдэу теле-, радиожурналистхэм, сыту жыпIэмэ, ахэращ зыIэщIэлъыр псынщIэу цIыху куэдым яльэIэс хъыбарегъащIэ Iэмалыр.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, ЩIДАА-м и академик.

Къалэмыр микрофонкIэ сохъуэж

ТIысхьа пэшым сэ нэмыщI иджыри Ало Ларисэрэ Токовэ Зарэрэ щIэст. Ахэращ си лэжьыгъэщIэмкIэ япэ ущикIуэ схуэхъуэри.

Ауэрэ сэри лэжьыгъэм сыпэрыуващ. Псом япэращи, узыхуэкIуэ мазэм уэзлэжьынур убзыхун, гъэбелджьылын хуейт. Сэ сщIэртэкъым сызытепсэльыхьынури, сызэрытепсэльыхьыну щIыкIэри. Абдежи кьызэдэIэпкъыщ си лэжьэгъуэху Зарэрэ Ларисэрэ.

Нобэрей телевиденэмэ си зэманым щыIамрэ техникэкIэ кьызэрызэгъэпэщар зэхуэгъэгъадэри, кьызгурыIуэркъым махуэ кьэс дакьикъэ 15 хъу хъыбарыщIэхэр дгъэхьэзырыфу зэрыщытар. Редакцэм щIыхуи 5 дыщIыIэу арат: корреспонденти 4-рэ сэрэ. ХъыбарыщIэм кIуэнур кърахьэлIэну махуэ кьэс щIыхуитI дэкIырт, дэтхэнэми хъыбари 2 - 3 кьихьу арат. Корреспондентхэм кьахьа хъыбархэм дакьикъи 8 хухахырт, адрей дакьикъи 7-р дикторым кьыIыысырт, псалъэкIэ игъэнщIын хуейуэ. Штатым хэмыт лэжьакIуэхэм куэдрэ дыкьыздахьыкырт. НасыпыдиIэти, ахэр ди машIэтэкъым. Апхуэдэу сигу кьинащ Файтелевич Павел, Кьумахуэ Хьэутий, Сало Геннадий сымэ.

ШУРДЫМ Алихъан,
Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Къуэдзокъуэ Хьэсэн и гуащIэ

ХЪЭСЭНРЭ сэрэ илъэс зыбжанэкIэ телевиденэм дыщызэдэлэжьащ. Ар щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цIыху зэпIэзэрыпт, и псалъэр пэжьгъэкIэ гъэнщIауэ. ЦIыхугъэ, хабзэ, нэмыс дэслъэгъуащ абы. Хьэсэн и къалэну ибжьыр кьыдеджакэми, и лэжьэгъуэми, и благъэкэми, и Iыхьлыхэми цIыхугъэ кIэлэпыпэзэрихьэну, щIэх-щIэхьурэ А1ущIэну, махуэ пIалъэхэм деж ехъуэхъуну. А псом хуэдэкIуэу, Хьэсэн апхуэдизу дауэ хуэтхэр жумыIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, и очеркыфI журналым тету щыпльагъукIэ, нэгъуэщI тхъэгъэшхуэ газетым кьэитехуауэ ущеджэкIэ е тхылъ кьыщыдигъэкIкIэ.

И лэжьыгъэр зыхуей хуэмызауэ Хьэсэн игу загъэртэкъым. Къуэдзокъуэм сыт щыгъуи лъэпкъ зырызым щыщ тхакIуитIым я къалэн игъэзащIэрт. Абы Iэзэу урысыбзэр зэрищIэм и фIыгъэкIэ, адыгэ тхакIуэ куэдым я къалэмыпэм кьыщIэкIа тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэр зэридзэкIырти, урысыбзэ зыйрыпЬ тхылъеджэм и пащхьэ ирилъхьэрт. ЕщхьырыкъабзэУ, урыс литературэм и классикэ хъуа тхыгъэ куэд адыгбзэм кьригъэзагъэрт. Хьэсэн и фIыгъэкIэ адыгабзэкIэ кьыдэкIа хъуащ Толстой Лев, Чехов Антон, Шукшин Василий, Симонов Константин, нэгъуэщIхэми я тхыгъэ телъыджэхэр. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым урысыбзэкIэ еджэхэм ди адыгэ тхакIуэхэу IутIыж Борис, Кьэрмокъуэ Мухьэмэд, МафIэдз Сэрэбий, Тхьэгъэзит Зубер сымэ, нэгъуэщI куэдми я тхыгъэхэм Къуэдзокъуэм и фIыщIэкIэ щыгъуазэ зэрызащIыфар.

Кьалэнышхуэ игъэзащIэрт Къуэдзокъуэм. Ар куэдым я тхыгъэхэм хэпплъэжьын, кино-видео трахарэ зэригъэзэжуэжьын хуей хъурт. ЦIыху гуи игъэлажьэм яку псалъэмакъ кьыдэмыкIыу зэригъэзэгъын щхьэкIэ куэд илэжьырт Хьэсэн. ИкIи ар абы кьехъуIэрт...

Къуэдзокъуэ Хьэсэн унагъуэ дахэ иIэт. Куэдрэ кьохъу зэщхьэгъусэхэм зэгъусэу зы Iэнатlэ пэрытын щафIэмыфI. Абы щхьэусыгъуэ пыухыкIа иIэщ. ИтIани, Хьэсэнрэ Тамарэрэ телевиденэмрэ радиомрэ щызэдэлажьащ, Тамарэ радиом щыпрежиссеру, Хьэсэн телевиденэм щыредактор нэхъыщхьэу. И щхьэгъусэм хуитхауэ Хьэсэн иIэт «Уэрэ сэрэ» уэрэдыр. Ар Шумахуэ Хьэзрэ1ил жиIэу уедэIуэныр куэд и уасэщ, бужэгъункIэ Iэмал зимыIэщ. Радиомкlэ ар щIэх-щIэхыу кьыщаткIэ, «Тамарэрэ Хьэсэнрэ я уэрэдыр къат», - жытIэу дедаIуэрт.

Дыгъэм хуэдэу щIалитI зэдапIащ фIыуэ зэрылъагъу зэщхьэгъусэхэм. Къуэдзокъуэхэ я цIэр фIыкIэ жезыгъэIэ хъуащ ахэр.

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,
тхакIуэ, усакIуэ, журналист.

УсакIуэшхуэр ягъэлъапIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Кулиев Къайсин и усэхэмкIэ цIыхубэр кьыхуриджэрт щалъхуа, фIыуэ илъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъэр нэхъри зэкъуэувэну, зыхуэгугъэну. Абы и щапхъэт адыгэ усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алимрэ абырэ я зэхуаку дэлъа зэныбжьэгъугъэ быдэр. А тIур Хэку зауэшхуэм и гугъуехьхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зэгъусэу пхыкIащ.

Жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру зэрызыкъэщIигъэлъагъуэм къыдэкIуэу, Кулиев Къайсин СССР-м, РСФСР-м я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я правлензхэм эхтащ, КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ секретару щытащ. Лъэпкъ литературэм усакIуэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэмрэ кьэралым и щхьэхуитыныгъэм, мамырыгъэм зэрыщIэбэнамрэ гулъытэншэ хуэакъым. Абы кьыхуагъэфэщащ Ленин, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, Хэку зауэ орденхэр.

УсакIуэшхуэр илъэсищэ зэрырикъум и щIыхькIэ республикэм и щIыналъэхэм, кьалэхэм, кьуажэхэм зэхьихьэхэр, гъэлъэгъуныгъэхэр, конференцхэр, зэпеуэхэр, фестивалхэр щрагъэкIуэкIащ. Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхыльэ тедзапIэм кьыщыдагъэкIащ Кулиев Къайсин и тхылъитI, и усэ кьыхэхахэр, и щхьэгъусэ Элиэзт и гукъэкIыжхэр иту.

Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и япэ секретарь **Иванов Геннадий** зи лIыкIуэхэм кьабгъэдэкI фIэхъусыр пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм ярихьжащ икIи и псалъэр кьыщIидзащ Кулиев Къайсин фIыуэ илъагъуу щыта жыIэгъуэмкIэ. Ар кьытеувыIащ Кулиевым и усэ тхылъхэр зэрыкупщIафIэм. Иванов Геннадий кьрихьэлIахэм кьахуеджащ Кулиевым хуитха усэм.

СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, Адыгейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мэшбащэ Исхьэкъ** игу къыгъэкIыжащ Къайсин къызэрицIыхуам, ныбжьэгъуфI зэрыхуэхъуам теухуа куэд. ХьэщIэм и гуапэу къыхигъэщащ апхуэдэ усакIуэ щэдкащэ, къызыхэкIа балъкъэр лъэпкъыр, абы и благъэхэр, и IыхьлыкIэр зэрынасыпыфIэр, псэ кьулей зиIэу щыта, Кавказым ис псори зэхуэзыгъадэу псэуа Кулиевым пщIэшхуэ хуищIу зэрыщытар, Кавказым и усакIуэшхуэ Къайсин хуэдэ иджыри дунейм къытехьэну зэригуапэр.

Зумакуловэ Танзиля Къыргъызымрэ Къэзахъстанымрэ я лIыкIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ балъкъэр лъэпкъыр я щIыналъэм щрашам гуапэу къазэрыIущIам, куэдкIэ къаэрыдэIэпыкъуам папщIэ. Апхуэдэу адыгэхэми псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ, балъкъэрхэр я Хэкум къыщыкIуэжам къызэрырагъэблагъэжам, я адэжьхэм я кьэращхьэхэр зэрыхуахъумам папщIэ.

КъБР-м и ТхакIуэхэмяI зэгухьэныгъэмрэ республикэм и Лъэпкъ музеймрэ тыгъэ хуащIащ Кулиев Къайсин и юбилейм ирихьэлIэу ди къэралым, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщыдагъэкIа тхылъхэр, сурэтыщI гъэзджэм и хьэпшыпхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ.

Кулиев Къайсин зыцIыхуу, и лэжьэгъуу, и ныбжьэгъуу щытахэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа хьэщIэ лъапIэхэм ар ягу къагъэкIыжащ, псалъэ гуапэхэр хужаIащ.

Къыызэуэсахэр ирагъэплъащ «Псэухэм - мамырыгъэрэ гуфIэгъуэрэ!» литературэ-макъамэ программэ гукъинэжым. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ. Абы хьыхьэ экранымкIэ къагъэлъагъуащ Кулиев Къайсин и усэхэм езыр кьеджэжу, и ныбжьэгъуэм псалъэ гуапэхэр яхужиIэу яхъума видеонэтынкэр. Апхуэдэу кьызэхуэсахэр фонограммэкIэ ирагъэдэIуащ урыс усакIуэ цIэрыIуэ Евтушенкэ Евгений Кулиевым хуитха «Я, наконец, пришёл к тебе, Кайсын» усэм. Налшык и Музыкэ театрым Евтушенкэ Евгений 2016 гъэм щыхуащIа пшыхьым абы кьыщеджауэ щытат.

Кулиев Къайсин и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ жаIэу пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, артист пажэхэм, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие къэрал къэфакIуэ гупри екIуу утыкум итащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мамхэгъхэ я зэхуэс

Тхыдэм къыызэрыхэщыжымкIэ, адыгэ лIакъуэхэм ящыщ мамхэгъхэр щыпсэуащ Куржыпсрэ Щхьэгуащэрэ я Iэгъуэблагъэм. Адыгэ ныпым тет вагъуэ пщыкIутIым я еянэ лIакъуэм сыт щыгъуи я гъуэгугъэлъагъуэу къадокIуэкI: «Зи блэкIар зыщIэм къэкIуэни иIэщ» жыIэгъуэр. Абы и щыхьэтми ярейт лъэпкъым иджыблагъэ Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыызэригъэпэща зэхуэсыр.

● Лъэпкъхэр

МАМХЭГЪХЭМ я дуней тетыкIэу щытам къэзыхутэжа тхыдэтх Дьячков-Тарасов Александр мыпхуэдэу етх: «Кавказ зауэм щыгъуэ екIуэкIа зэхуэуэ нэхъ гуащIэхэм я зым мамхэгъхэм щалъэкIащ бийр ирагъэкIуэтыну».

ЛIощIыгъуэ блэкIам и 20-нэ гъэхэм Адыгейм къэхутакIуэ щыIа куржы бзэщIэныгъэлI Джанашие Симон мамхэгъ зауэлIхэм яхужиIат «щыблэм хуэдэщ» псалъэхэр.

«ЗэрытемыкIуэнур щынэрылъагъуми, мамхэгъыр зэи кьикIуэтыркъым. Захуагъэр зэхигъэхIныныр абы и хьэл нэхъыщхьэщ. Бжьэдыгъур мылкъым щIэхъуми, мамхэгъыр зыхуэпабгъэр зыщ - цIыхубзэм пщIэ кьыхуащIыныр», - етх адэкIэ Джанашие.

1823 гъэм полковник Коцаревыр мамхэгъхэм я кьуажэхэм теуа иужь, хэщIныгъэшхуэ ягъуэтауэ щытащ. Абы иужькIэ, кьэнэжахэм я нэхъыбэр Урыс-Кавказ зауэм и иужьрей илъэсхэм Уэсмэн къэралыгъуэм Iэпхъуащ. АдэкIэ Тыркум, Щамым, Израильм, Иорданием, Филиппинхэм, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, нэгъуэщI къэралхэм щIэзэбгрыдза хъуащ.

Иджыпсту а пасэрей адыгэ лъэпкъым щыщхэр нэхъ зэрыIыгъыу щопсэу Урысей Федерацэм и къэлэ 22 зэхуэмыдэхэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм.

Хэгъэгуищым щикъуэхьа лъэпкъыр зэщIэбгъэуIуэныр Iуэху цIыкIутэкъым. АрщхьэкIэ Мамхэгъхэ Адемыркъан, Хьэсин, Ибрэхьим, Аслъэн, Зунель, Гуащэ, Марьят сымэ щхьэж и зэфIэкI халъхьэри, лIакъуэм я зэхуэс зэхашэфащ.

... ЩдаусэхэрЩ шым тесу, адыгэ фащэхэр ящыгъыу, лъэпкъ шхыныгъуэхэр ягъэхьэзырауэ Мамхэгъ лъэпкъым щыщхэр Жьакуэ пэгъунэгъу «Бесльэн» зыгъэпсэхупIэм деж щапежьащ Къэбэрдейм Адыгеймрэ къикIа я хьэщIэхэм. Жьакуэ дэс Мамхэгъхэм я нэхъыжьыфIхэу ФуIэдрэ Владимиррэ псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ я унэцIэджэгъухэм. «Мамхэгъ кьафэ» пшыналъэм щIэту фIэхъусыр зэфIэкIа, зэхэплъа нэужь, бысым Iэнэм псори ирагъэблэгъащ, адыгэ хабзэм тету гъуор щэнейрэ кьаГабджэри, зэхьихьэр езыгъэкIуэкIа Зуридэрэ Зурабрэ утыкум кьихьащ.

Лъэпкъ жыгыжь иным и зы къудамэу,
Вагъуэ 12-м и зы нэщанэ,
Кавказ къэухьым хэзэрыхьауэ,
Мамхэгъ унэцIэр зезыхьэ лъэпкъ!
Зэман блэкIахэм лIыгъэу зефхьахэр
Тхыдэм дэ нобэ къытхуеIуэтэж.
Дэнэ гъунапкъэ фыщымыIами,
Фэ фи унэцIэр фымыгъэпуд!
Быдэу дэ нобэ дызэрыубыдмэ -

Мамхэгъ абазэхэр зэрыарар. Уэхутэм кIэщIу яхуиIуэтащ мы зэманым Бибэрдкъуажэ дэс Мамхэгъхэр къызытекIаахэм я цIэхэр, ахэр уэркъ лъэпкъуу зэрыщытам щыхьэт техьуэ архив тхыгъэхэр къызэригъуэтыжар. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Бибэрдкъуажэ дэс Мамхэгъхэм я лъэпкъ жыгыр зэритхыжар. Щхьэхуэу Александр фIыщIэ хуищIащ Мамхэгъ Астемыр, Уэхутэ лIакъуэм и тхыдэр зэрыт архив тхыгъэхэр къызэригъуэтыжам папщIэ.

Адыгэ Республикэм и Куэшхьэблэ администрацэм и лэжьакIуэ Мамхэгъ Рэмэзан къэпсэлъа нэужь, бзылъхугъэхэм кьабгъэдэкIуу утыкум кьихьащ Мамхэгъхэ япхъу Лэхъанэ (Чанджэщауэхэ я нысэщ). Ныбжь зиIэ сурэтыжьхэр игъэлъагъуэурэ, кьызыхэкIа унагъуэм и кьекIуэкIыкIам тепсэлъыхьащ ар. Мамхэгъхэ я нысэ Марьят (Дэбагъуэхэ япхъущ) зыхэс лъэпкъым хуэхъуэхъащ щIэблэм я гъэсэныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ зэхуэсхэр дяпэкIи зэпамыгъэууэ ирагъэкIуэкIыну.

Хьэбзэ районым щыщ Куэшхьэблэ кьуажэм дэс Мамхэгъхэм кьабгъэдэкIыу кьэпсэлъа Валерэ лъэпкъыр кьыхуриджащ зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, зым адрейм зыщIигъакъуэу, зэрыщIэу псэуну.

Псыкlэху жылагъуэм и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим къыхигъэщащ я лъэпкъым и тхыдэм теухуа тхылъ гъэхьэзырауэ кьыдэгъэкIын зэрыхуейр.

Махуэр хъуэхъукIэ гъэнщIауэ щытащ. Зэхуэсыр ягъэдэхащ Къэрэшей-Шэрджэсым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Жумай Алий, ди республикэм и мызакъуэу, Къэбэрдейм, Адыгейм, Дагъыстэным, Осетие Ищхьэрэ - Аланием щыщIэрыIуэ музыкантхэу Сэнэшокъуэ Зуридэрэ Хьэмыкъуэ Азэмэтрэ, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэ Цагъэ Арсен сымэ. Апхуэдэуи Мамхэгъ Карини лъэпкъым зы уэрэдкIэ хуэупсащ.

Зэхуэсыр ягу нэхъ къинэжьын хуэдэу, абы хэтахэм хуагъэушащ Мамхэгъ лъэпкъым и дамыгъэр зытет фэеплъ саугъэтхэр.

КъищынэмыщIауэ, зэхуэсым унафэ щащIащ хэгъэгуэм щыщхэр сыт щыгъуи зэкIэлъыкIуэну, лъэпкъым теухуа тхылъ хьэдагъэкIыну, щIеблэр дэтхэнэ я Iэхуми кьыхашэну, хамэ кьэралхэм щыпсэу Мамхэгъхэм зыпащIэну, илъэсищ нэхъыбэ дэмыкIыу зэхуэс ящыну.

ЩIалэгъуалэм екIуэкIа Iуэхум теухуауэ кьагурыIуам дыщыщIэупщIэм, Мамхэгъ Бесльэн кьыдэжиIащ: «Нобэрей ди зэхуэсым иIэ мыхьэнэр, шэч хэмылъу, инщ. Лъэпкъ хабзэр яхъумэу, абы тету ди нэхъыжьыфIхэр къызэрыгъуэгурыкIуар ди щапхъэщи, абыхэм дахуэфащэу дыщытын зэрыхуейр, нэхъыфым дызэрыхуущIэкъупхъэр хьэкъуу тпхыкIащ».

Адыгэм и сыт хуэдэ гуфIэгъуэ зэхьихьэри зэрызэхуащIыж хабзэщи, Мамхэгъхэ я лъэпкъ зэхуэсыр яухащ удж хъурейкIэ.

МАМХЭГЪ Зуридэ,
Къэрэшей-Шэрджэсым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.
МАМХЭГЪ Бэллэ,
Къэрэшей-Шэрджэс телевиденэм и журналист.

Лъэщу ди лъэпкъыр дунейм тетынщ,
ЛIыгъэ дэ зетхьэу ди цIэр жедгъэIэм -
Мамхэгъ унэцIэр ену псэунщ!

Лъэпкъ зэхьихьэм и щIыхькIэ, Мамхэгъхэ я нысэ Гуащэ (КIэщтхэ япхъу) зэхилъхьа мы усэр псоми я гум дыхьащ. Зэхуэсым хэтхэм ягу къагъэкIыжащ лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа я лIыхъужьхэр, Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм адыгэ Хэкур хъумэным зи псэ щIэзыта-хэр. Абыхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэну щIалэгъуалэ гуп, хьэщIэхэм я лIыкIуэхэри яхэту, ягъэкIуащ.

Мамхэгъхэр япэу зэхыхьэу арати, Къэбэрдеймрэ Адыгеймрэ цIыху куэд къикIыфакъым. ЛIакъуэ зэхуэсым кьеблэгъа ди лъэпкъэгъуэхэм я пашэт Мамхэгъ Хьэчимрэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ), Мамхэгъ Аслъэнрэ (Адыгэ Республикэ).

Мамхэгъ лIакъуэм и нэхъыбэр мы зэманым щыпсэу Жьакуэ къуажэм и тхыдэр, ахэр абы кьызэрыщыкьухутам и гугъу ищIу къэпсэлъащ тхыдэдж, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Мамхэгъ Владимир. Тхьэмадэм жиIэр нэрылъагъу ящIу видеоролик ягъэхьэзырат Мамхэгъ Аззмэтрэ Акъ Арсенрэ.

Лъэпкъым я нэхъыжь дыдэ ФуIэд къыщыпсалъэм дэтхэнэри къыхуриджащ, зэбгрыдзауэ зэрыпсэум емылъытауэ, нэхъыбэрэ зэхьихьэну, лIакъуэр зэкъуэт хъужыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэ Мамхэгъ Астемыр тепсэлъыхьащ лIакъуэм и кьекIуэкIыкIам теухуауэ Урысеймрэ Куржымрэ я дэфтэр хьэмапIэхэм (архивхэм) къыщигъэтахэм.

Абы и ужькIэ псалъэ иратащ Бесльэней къуажэм щыщ, Мамхэгъхэ я пхъурылъху, Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ Уэхутэ Александр. Къызэрырагъэблэгъам папщIэ фIыщIэ яхуищIри, Александр жиIащ и анэшыр Бибэрдкъуажэ дэс Мамхэгъ абазэхэр зэрыарар. Уэхутэм кIэщIу яхуиIуэтащ мы зэманым Бибэрдкъуажэ дэс Мамхэгъхэр къызытекIаахэм я цIэхэр, ахэр уэркъ лъэпкъуу зэрыщытам щыхьэт техьуэ архив тхыгъэхэр къызэригъуэтыжар. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Бибэрдкъуажэ дэс Мамхэгъхэм я лъэпкъ жыгыр зэритхыжар. Щхьэхуэу Александр фIыщIэ хуищIащ Мамхэгъ Астемыр, Уэхутэ лIакъуэм и тхыдэр зэрыт архив тхыгъэхэр къызэригъуэтыжам папщIэ.

Адыгэ Республикэм и Куэшхьэблэ администрацэм и лэжьакIуэ Мамхэгъ Рэмэзан къэпсэлъа нэужь, бзылъхугъэхэм кьабгъэдэкIыу утыкум кьихьащ Мамхэгъхэ япхъу Лэхъанэ (Чанджэщауэхэ я нысэщ). Ныбжь зиIэ сурэтыжьхэр игъэлъагъуэурэ, къызыхэкIа унагъуэм и кьекIуэкIыкIам тепсэлъыхьащ ар. Мамхэгъхэ я нысэ Марьят (Дэбагъуэхэ япхъущ) зыхэс лъэпкъым хуэхъуэхъащ щIеблэм я гъэсэныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ зэхуэсхэр дяпэкIи зэпамыгъэууэ ирагъэкIуэкIыну.

Хьэбзэ районым щыщ Куэшхьэблэ къуажэм дэс Мамхэгъхэм кьабгъэдэкIыу кьэпсэлъа Валерэ лъэпкъыр кьыхуриджащ зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, зым адрейм зыщIигъакъуэу, зэрыщIэу псэуну.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэзэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэжьIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкlэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1393